InfoVIHtal

INFORMACIÓN BÁSICA SOBRE EL VIH


EDITION 2024
WOLOF

# Thiaytou sa wergou yaram si djiangoroye séye sayou nék

**Djinagoroye yonou séye (ITS), ayes djiangoro yo khamné li koye meuna diokhé mingui diogué si lou beurri, si ayes, bateries, virus, teurgueutes, ayes sanes si li eupeu si boye séye ak nites koukou amé, bachi (yonou machanté ayes awras, names moy mache koye wala leuffe, wala si fignouye démé guinaw keur). Meune nanou ko walanté tamite si yénéni yones, lou mél ni sa déréte wala yaye djou eumbeu meune nako waleu domame si eumbeu bi wala bouye weussine wala tamite si bi sa dome di nampeu.**

Djiangorye séye yi, meune nanou ko amé si ates bo amé, name ngaye gore wala djiguéne, name ngaye séye ak gore, djiguéne, wala kou la nékhe, fo meune ti dioudo, nga ame khalis wala nga ndole tamite si yonou diné bo nék. Di chi yok, djiangoroyes yonou séye yi ITS, meune nga ko amé, té dochi khame wala nga yék chi daré. Lolou mo takhe meune nga ko amé té dochi kame dará.

Lolou mo takhe, ndaguéna wara khamné nite ko khamné ,migui séye ba légui, meunanou ko waleu diangoroye séye ITS si guirou doundeume. Lolou dina takhe, ware




www.gtt-vih.org

SI TE HA PARECIDO ÚTIL E INTERESANTE EL CONTENIDO, COMPÁRTELO.



ngaye thiaytou sa wérgou yaram si lou dieume si djiangoroyes séye ITS (di fadjou sa bo sétlou né ware na nék). Takhawaye bobou, meuna la dimbeulé ba do ame ayes diaffé diaffés you doye ware si sa wérgu yarame. Dichi yok, téle ko khame, dina takhe nga meuna fagnou si lou ngawe té mouche si ayib, dichi yok tamite dina la dimbeulé ba doko meuna waleu gni ngayes nékale si yonou séye.

## Ngane mouslaye la laye diokhe kawasse?

Di ko dieuffeundiko bou bakhe té mouche si ayib, kawasse, dina la mouchales si gnou waleu leu djiangoroye séye ITS yi nga khamné dina diogué si ndokhe yiye guéneu si boye séye ak gore wala djiguéne bo dougueulé si leuffe, wala si fignouye démé guinaw keur wala boy machanté awra si domou djiangoro yi di gonorré, chlamidia, wala virus bou hépatite B, C wala djiangorye VIH.

Kawasse dina la moucheule si walanté djiangorye séye si apeu natou bou ame sola, wanté bou khamné meuteuloule lépeu si 100% sirtou si djiangoroye virus papilome humaina k si sifilis boye khole. Name djiangoro yoyou, meune nanou léne di walanté té name dougueulo si koye si birre leuffe, wala si guinaw fi gnouye démé keur wala si machanté awra, wanté si sa dére lale dérou, wala muqueuse bou nite kou ko amé.

Si bénéni yone, boudé ndanga ame khéle niarre si yone yinou meuneu walanté djiangoro dji si yéneu yonou séyes yi, meune nga thiaytou keuyite binou khatime té dieumeu léko si yone bobou
"Fébarous sey ak ponkis seyes".

## Thiaytou sa wergou yaram si djiangoroye séye sayou nék

## Fane nga meuneu thiayto sa wérgou yarame si yonou séye (ITS)

Fi si réwou Espagne, amnga yones you beurris pour meuna thiaytou sa wérgou yarame si yonou séye ITS:

1. **Keur yi nga khamné séne khame khame daffa mache si thiaytou diangoroye sét ITS:** Ndeuk you beurris si birre réwmi amnanou ayes keurs yo séne khame khame machi si thiaytou djiangoroye séye ITS, meune nga fa déme gnou thiaytoule sa wérgou yarame bi dieume si lolou si lo doule faye dará. Keurs yoyou, lichi eupeu, danouye diokhé rendez vous, mo takhe boffaye déme, ndangaye woté wakhléne né ndanga fa beu gua déme wakhléne tamite sa lignaye yégue, dina takhe gnou meune la téla guisse si li mou ngeuneu gawé. Si yichi eupeu, sokhla woule nga amé ayes keuyites wa déte pour gnou meune la séytoule sa wérgou yarame.
2. **Keurou mbotaye yi youdou tamite ONGs:** Son keurou mbotaye yoyou, nguisse nanou né démena si ayes ates you beurri, tambalénanou, thiaytou ndakhe nite ki amneu djiangor dji si yone bou gawe si djianroye séye yiITS: sifilis, VIH, wala hépatites.
3. **Keurou thiaytou wérgou yarame yi néke si ngokhe yi nite gni deuk:** Boudé ameu kheuyite bi laye diokhe nga meuneu fadjou si keur bire réwmi, meune nga wakhe sa doctor si fingaye fadjo, qué ndanga beugueu thiaytou sa wérgou yarame si li dieume si yonou séye ITS, ndakhe mou meune la yabale si ki khame khamame mache si diangoroye séye ITS.
4. **Wala si ayes hopitales tamite:** Boudé ndanga amé djiangoroye VIH, fignouye thiayto sa wérgou yarame si hopitale bignouye kholé gniye wlanté ayes diangoros, sa doctor bi laye khole, meuneu la yabale féne fo khamné dina gnou laye thiaytoule sa wérgou yarame si lou dieume si séye ITS sa bounou la warré khole.
5. **Keur doctor yi nga khané tamite ndangaye faye pour gnou meuna thiaytoul la sa wérgou yarame:** Sa so ko beugué, meune nanou la thiaytoul sa wérgou yarame sa so fayé. Name si yonou séye la ITS si keur yoyou ngaye faye fi si birre deuk bi.

Boudé ndanga amé béneu khétou djiangoroye séye, dina gnou la yombalale ayes garabes you bakhe si sa djiangoro ndakhe nga meuna fadjou si lou mouche si ayib. Amna chi ayes keurs yo khamné dina gnou laye lache, ndakhe meuna khame gni nga nékale di séyes, ndakhe dina na gnou meuneu nieuw, gnou thiaytouleléne séne wérgou yaram ndakhe meuna khame name amnanou diangoro dji wala déte. Name bounou ko amé, dina gnou léne yombalale pachemi.

Li eupeu si djiangoryes séye yi ITS, meuneu nanou léne fache. Padioume djiangoryes séyes ITS yi ayes bacteries di diokhé you méle ni (Chlamidia, gonorré, wala sifilis) dina takhe gnou fagagale bamou diékhe bacterie yoyou si sa yarame.

Di chi bolé djiangoroyes séye ITS yi nga khamné kéneu meunou ko fache (VIH, herpés simple wala virus papilome humain), name téle nga ko khame (nga dadi dire sa padioume wérgou yarame si nignou la ko digueulé), meune nala dimbeulé ba do amé ayes diaffé diaffés si lou dieume si kaname, dichi yoke, ndinga wagni tamite walanté bi.

**Di fatali léke né, si li dieume si djiangoroye VIH, bo tolo fo khamné kéneu meunoul guisse domou diangorodji si sa yarame, moye meuno waleu kéne domou diangor dji.**

grupo de trabajo sobre tratamientos del VIH
ENTIDAD DECLARADA DE UTILIDAD PÚBLICA
ONG DE DESARROLLO

¿TIENES DUDAS SOBRE EL TEMA? PREGÚNTANOS
Tel. 93 458 26 41

**Descargo de responsabilidad**

La información contenida en esta ficha no pretende sustituir la recibida por el médico. Las decisiones referentes a la salud siempre deberían tomarse tras consultar con los profesionales sanitarios. La información médica puede quedar desactualizada con rapidez.

Si te surge alguna pregunta tras leer esta ficha, te aconsejamos hablar con tu médico o enfermera o llamar a gTt-VIH, al 93 458 26 41, para comprobar si existe alguna novedad relevante al respecto.

SUBVENCIONA
GOBIERNO DE ESPAÑA — MINISTERIO DE DERECHOS SOCIALES Y AGENDA 2030
POR SOLIDARIDAD OTROS FINES DE INTERÉS SOCIAL
MINISTERIO DE SANIDAD
Generalitat de Catalunya
Salut/ Agència de Salut Pública de Catalunya
Diputació Barcelona — Àrea d'Igualtat i Sostenibilitat Social
Ajuntament de Barcelona
COLABORA
ETIS
Vall d'Hebron
eSPiC Equip de salut pública i comunitaria

www.gtt-vih.org

SI TE HA PARECIDO ÚTIL E INTERESANTE EL CONTENIDO, COMPÁRTELO.